



Julie Dill  
Direktè Kourikoulòm  
ak Devlopman  
Pwofesyonèl

# LEKÒL PIBLIK DISTRI WICOMICO

## DIVIZYON ENSTRIKSYON

### Depatman Kourikoulòm ak Devlopman Pwofesyonèl

P.O. Box 1538, 2424 Northgate Drive, Salisbury, MD 21802-1538  
410.677.4587 (Ofis) 410.677.4406 (Faks)

5 Janvyè, 2023

Chè Paran oswa Gadyen,

Ant 9 Janvyè ak 20 Janvyè 2023, pitit ou a pral pran dezyèm egzamen ki rele MAP® Growth™ nan NWEA® ki sou yon òdinatè kòm yon pati nan enstriksyon senkwonik yo. Kòm ou konnen, yo bay elèv yo evalyasyon sa a pou detèmine nivo ansèyman yo epi pou mezire kwasans akademik pandan ane lekòl la nan Matematik. Evalyasyon adaptif sa a ka pran apeprè 45-60 minit epi nou pral administre li nan plizyè sesyon pou elèv yo. Si yon elèv pa kapab konplete evalyasyon sa a nan yon sèl reyinyon administratif, yo pral ba yo yon lòt tan pou travay anba sipèvizyon dirèk pwofesè a pou konplete evalyasyon an.

Egzamen MAP Growth yo inik paske yo adapte ak nivo aprantisaj pitit ou a. Si pitit ou a reponn yon kesyon kòrèkteman, pwochenn kesyon an ap pi difisil. Si yo reponn yo mal, pwochenn kesyon an ap pi fasil. Kom rezilta nou genyen yon foto detaye sou sa pitit ou a konnen epi li pare pou li aprann—menm si li sou, pi wo a, oswa pi ba pase nivo klas li.

Piske egzamen MAP Growth an bay enfòmasyon imedyat ak egzat sou aprantisaj pitit ou a, li fasil pou pwofesè yo idantifye elèv ki gen menm nòt ki jeneralman pare pou ansèyman nan ladrès ak sijè ki sanble, epi answit planifye enstriksyon kòm sadwa.

Rapò Kwasans MAP Growth yo bay tou done sou kwasans ki tipik pou elèv ki nan menm klas, matyè a, epi ki gen menm nivo kòmansman pèfòmans. Apre peryòd tè sa a, ou ap resevwa yon rapò ki montre kwasans pitit ou a, pou depi dyagnostik otòn lan. Pou asire ke rezilta yo reflète sèlman pèfòmans endepandan timoun nan, nou ap mande pou ou ankò limite èd ou asistans ou nan depanaj teknoloji epi pou ou pa antrene oswa gide pitit ou sou kontni matematik evalyasyon an.

Si ou ap itilize yon aparèy pèsònèl olye de yon aparèy distri yan, nou ap mande ou tou pou ou ogmante rezolisyon sou aparèy ou a pou plis ke 1360x786 oswa pi wo. Tanpri konnen pwofesè pitit ou a ka ede avèk sa a si sa nesesè anvan ou konplete evalyasyon sou Entènèt la. Nou vrèman kontan pou nou konsantre sou kwasans endividyèl ak reyisit pitit ou a. Pou plis enfòmasyon sou Tès Kwasans MAP Growth la, vizite: [NWEA.org/Parent-Toolkit](https://www.nwea.org/Parent-Toolkit). Ou ka kontakte pwofesè pitit ou a oswa Ofis Evalyasyon ak Responsablite tou nan 410-677-4477.

Sensèman,

*Karen Hitch*

Karen Hitch  
Sipèvizè Evalyasyon ak Responsablite  
(khitch@wcboc.org)

